

Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Sante (Tankou Enfòmasyon sou Tretman pou Alkòl/Dwòg ak Enfòmasyon sou Sante Mantal) ak Enfòmasyon Sekrè sou VIH/SIDA

Non Malad la	Dat Nesans	Nimewo Idantifikasyon Malad la
Adrès Malad la		

Mwen, oswa reprezantan otorize mwen, mwen mande pou yo divilge enfòmasyon sou sante konsènan swen ak tretman mwen jan sa endike sou fòm sa a. Mwen rekonèt:

- Otorizasyon sa a ka gen ladan divilgasyon enfòmasyon konsènan TRETMAN POU ALKÒL ak DWÒG, TRETMAN POU SANTE MANTAL, ak ENFÒMASYON SEKRÈ SOU VIH/SIDA sèlman si mwen mete inisyal mwen sou liy apwopriye nan paragaf 8 la. Sizoka enfòmasyon sou sante ki dekri anba la a gen ladan nenpòt nan kalite enfòmasyon yo, epi si mwen mete inisyal mwen nan liy ki nan kaz nan enfòmasyon 8 la, mwen bay otorizasyon espesyal pou yo divilge enfòmasyon sa yo ba moun ki endike nan paragaf 6 la.
- Avèk kèk eksepsyon, depi gen divilgasyon enfòmasyon sou sante, moun ki resevwa enfòmasyon yo ka divilge yo ankò. Si mwen bay otorizasyon pou divilge enfòmasyon sou VIH/SIDA, enfòmasyon sou tretman pou alkòl oswa dwòg, oswa enfòmasyon sou tretman sante mantal, moun ki resevwa enfòmasyon yo gen entèdiksyon pou divilge enfòmasyon sa yo ankò, oswa pou itilize enfòmasyon yo pou nenpòt lòt rezon san otorizasyon mwen, sof si lalwa federal oswa lalwa leta bay pèmisyon pou fè sa. Si mwen viktim pratik diskriminasyon akòz piblikasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou VIH/SIDA, mwen ka kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York nan nimewo 1-888-392-3644. Ajans sa a responsab pou pwoteje dwa mwen.
- Mwen gen dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt lè depi mwen voye yon lèt ba founisè ki endike nan Paragaf 5 lan. Mwen rekonèt mwen ka anile otorizasyon sa a, sof nan limit yo te deja fè aksyon ki baze sou otorizasyon sa a.
- Mwen siyen otorizasyon sa a si mwen vle. Mwen rekonèt anjeneral, otorizasyon mwen bay pou divilgasyon enfòmasyon yo p ap yon kondisyon pou tretman mwen, peman, enskripsyon mwen nan yon plan sante, oswa kalifikasyon mwen pou avantaj. Men, mwen rekonèt yo ka ban mwen refi pou tretman nan kèk sikonstans si mwen pa siyen konsantman sa a.

5. Non ak Adrès Founisè oswa Enstitisyon ki pou Divilge Enfòmasyon sa yo:

6. Non ak Adrès Moun (yo) Y ap Divilge Enfòmasyon sa yo ba yo:

7. Rezon pou Divilgasyon Enfòmasyon yo:

8. Sof si mwen te anile otorizasyon an anvan, yo ka divilge enfòmasyon ki anba la yo depi: _____ jiska _____
METE DAT KÒMANSMAN AN METE DAT OSWA EVÈNMAN FINISMAN AN

Tout enfòmasyon sou sante (alekri oswa aloral), sof:

Pou yo ka ajoute sa ki anba la yo, endike enfòmasyon espesifik yo dwe divilge, epi mete inisyal ou anba la a.	Enfòmasyon ki pou Divilge yo	Inisyal
<input type="checkbox"/> Dosye nan pwogram tretman pou alkòl/dwòg		
<input type="checkbox"/> Dosye klinik nan pwogram sante mantal*		
<input type="checkbox"/> Enfòmasyon sou VIH/SIDA		

9. Si se pa malad la, non moun ki siyen fòm nan: _____

10. Otorizasyon pou siyen sou non malad la _____

Mwen te ranpli tout paragaf ki nan fòm sa a, yo te bay repons pou kesyon mwen yo konsènan fòm sa a, epi mwen te resevwa yon kopi fòm nan.

SIYATI MALAD LA OSWA REPREZANTAN OTORIZE DAPRE LALWA DAT

Deklarasyon/Siyati Temwen: Mwen te temwen egzekisyon otorizasyon sa a, epi mwen deklare yo te bay yon kopi otorizasyon ki siyen an pou malad ak/oswa pou reprezantan otorize malad la.

NON AK TIT ANPLWAYE SIYATI DAT

Yo ka itilize fòm sa a alapas DOH-2557, epi Biwo Sante Mantal Eta New York (NYS Office of Mental Health) ak Biwo Sèvis pou Akoutimans pou Alkòl ak Abi Estipefyan Eta New York (NYS Office of Alcoholism and Substance Abuse Services) te apwouve fòm nan pou pèmèt divilgasyon enfòmasyon sou sante. Men, fòm sa a pa egzije founisè swen sante yo pou divilge enfòmasyon sou sante a. Enfòmasyon sou tretman pou alkòl/dwòg oswa enfòmasyon sekre sou VIH yo divilge nan fòm sa a dwe prezante avèk deklarasyon obligatwa konsènan entèdiksyon pou yo divilge enfòmasyon yo ankò.

*Nòt: Yo ka divilge enfòmasyon ki sòti nan dosye klinik sante mantal dapre otorizasyon sa a ba moun yo idantifye ki gen yon bezwen yo ka pwouve pou enfòmasyon yo, depi yo p ap prevwa divilgasyon an ap nuizib pou malad la oswa pou yon lòt moun.